Integrated multi-disease screening for TB-affected households in Zimbabwe

Principal Investigator: Dr Claire Calderwood MSc MRCP
Phone: +263 780981949

Muri kukokwa kuti mupinde mutsvakurudzo.
Zvamunofanira kuziva nezvetsvakurudzo ino

- Tinokupai gwaro rino kuti muverenge nezve chinangwa, njozi uye zvanowanikwe mutsvakurudzo ino.
- Hatikuvimbisei kuti pane chamuchawana kubva mutsvakurudzo ino. Chinangwa chikuru chetsvakurudzo ndechekuwana ruzivo runozogona kubatsira vamwe vanhu mune remangwana.
- Munogona kuramba kupinda mutsvakurudzo kana kubvuma kupinda asi muchizochinja pfungwa dzenyu pamberi
- Ndapota nyatsoverengai gwaro rino retenderano kuti munzwisise. Bvunzai chero mibvunzo musati maita sarudzo.
- Kupinda mutsvakurudzo kuda kwenyu pasina kumanikidzwa

SEI TIRI KUITA TSVAURUDZO INO?
Tsvakurudzo ichatarisa zvinosanganikwa nazvo panotariswa munhu asina dambudziko (kutariswa chirwere usina zviratidzo) seTB nezvimwe zvirwere zvakasarudzwa zvisingarapike (zvinonwirwa mishonga kweupenyu hwese) muZimbabwe, kuti kutariswa uku kunobata upenyu hwevanhu sei nekuti kunogona kuzoshandiswa muZimbabwe pamapirwo ehutano here. Tinozoziva kuti kutariswa uku kunazobatsira wabatsira sei upenyu hwevanhu zvakare kuti kungashandiswe sei muZimbabwe panyaya dzezveutano. Nguva zhinji panyaya dzeutano kana paine zvinhu zvitsva zviri kutariswa nezvazvo kunongotariswa chirwere chimwe chete panguva imwe, mutsvakurudzo ino tiri kuda kuwana mukana wekuongorora zvirwere zvakasiyana siyana panguva imwechete.

ZVII ZVINOITWA KANA MAPINDA MUTSVAKURUDZO?
Tsvakurudzo ino iri kuitwa sechikamu che 'ERASE –TB' inova tsvakurudzo huru ine chinangwa chekutsvaka nzira itsva dzekubata nadzo TB nekukurumidza.

Mutsvakurudzo ino, tichaita hurukuro nevanhu vakaongororwa TB ne/kana zvimwe zvirwere zvisingarapike (zvinonwirwa mishoga kweupenyu hwese) vashandi vehutano vari pamakiriniki nezvipatara zvepedyo nevanogadzira mitemo yezveutano muZimbabwe. Tsvakurudzo ino ichaitwa kwegore nemwedzi mitanhatu kubva muna October 2021. Pamwechete tinotarisira kuita hurukuro nevanhu vanosvika kumakumi mashanu (50). Kuvashandi veutano kana vanogadzira mitemo semi, hurukuro dzinogona kuitwa takawanda panguva imwe chete kana kuti munhu mumwe chete panguva.

Kana mukasarudza kupinda mutsvakurudzo ino, muchakumbirwa kusaina gwaro rino retenderano. Hurukuro dzichaitirwa panzvimbo yakavanzika iri nyore kusvikwa nemi (kufanana nekukiriniki kana ku mahofisi eBiomedical Resrach and Training Institute), kana paine mari yamashandisa pakufambisa kuuya kuhurukuro munodzorerwa. Hurukuro dzingatore awa imwechete kana maawa maviri kana tichikurukura takawanda (*focus group discussion*) kuti dziitwe. Hurukuro dzichaitwa nechirungu kana chishona zvichingoenderana nekuti munoda kutaurwa nemi nerurimi rupi. Muchabvunzwa mibvunzo yezvamunoziva semushandi wehutano anoziva nezveTB nezvimwe zvirwere zvinomwirwa mushonga kweupenyu hwese, marapirwo azvo nezvazvinokonzera muZimbabwe, nemuonero wenyu pakuongorora kwezvirwere zvakasiyana siyana.

ZVINGANGOKONZERE NJODZI KANA KUSAGADZIKANA

Panogona kuita mibvunzo inobata pakadzika kana kunetsa kupindura, kana musingadi kupindura mibvunzo yakadaro hamupindure,tinogona kubvunza mubvunzo unotevera. Kana muchida kumisa hurukuro chero nguva ipi zvayo munokwanisa kudaro pasina chakaipa chinoitika kwamuri.

ZVIWANIKWA NE/KANA MUBHADHARO

Hatikuvimbisei kuti pane chamuchawana mutsvakurudzo ino. Tinovimba tsvakurudzo ino ichabatsira vamwe vanhu mune remangwana nekutibatsira kunzwisisa zvamakasangana nazvo todzidza zvingaitwe kuti utano huvandudzwe. Hatikwanise zvakare hatipi mubayiro wekuti mupinde mutsvakurudzo. Tinokwanisa kukudzorerai mari yamunenge mashandisa pakuuya kutsvakurudzo zvakare mafambira tsvakurudzo chete. Hapana chimwe chinobviswa kuti mupinde mutsvakurudzo ino.

ZVAKAVANZIKA NEKUCHENGETEDZWA KWEZVINYORWA ZVETSVAKURUDZO

Kana mukaratidza kuda kwenyu kupinda mutsvkurudzo ino nekusaina gwaro rino, zvese zvinenge zvawanikwa zvichikwanisa kuzivikanwa kuti ndezvenyu, zvichachengetedzwa zvakakosha, zvawanikwa mutsvakurudzo zvinogona kuzivikanzwa kuti ndezvenyu zvinochngetedzwa pakakosha zvongotaurwa nezvazvo kana imi chete mapa mvumo.

Kana zvabva kwamuri zvave kunyorwa, tinobvisa zvese zvingataridze kuti ndimi. Tichashandisa zvinyorwa zvabva kwamuri pasina zita renyu patinyora zvese zvawanikwa mutsvakurudzo , mune zvichashambadzwa nezvinyorwa zvemumapepa. Pane dzimwe nguva zvinyorwa zvinogona kuonekwa neveMedical Research Council ye Zimbabwe nevamwe vanoona nezvekufamba zvakanaka kwetsvakurudzo (Institutional Review Board) kuti zvionekwe kana tsvakurudzo iri kufamba sezvinotarisirwa.

KUTAPA MAZWI

Mutsvakurudzo ino, hurukuro yedu ichatapwa mazwi nekuti hatizokwanisi kunyora zvese zvatinenge tichikurukura. Tinozonyora zvatapwa kuti tikwanise kuzoverenga nekududzira zvawanikwa kubva muhurukuro. Kana zvikaita kuti zita renyu ritaurwe nguva yehurukuro tinochinja zita renyu tokupai rimwe kuitira kuti zvisazivikanwe kuti ndimi. Tinodzima zvese zvinenge zviri pa*recorder* kana tsvakurudzo yangopera.

KUGADZIRISWA KWEZVINYORWA ZVEMUTSVAKURUDZO

Zvinyorwa zvawanikwa mutsvakurudzo ino zvichachengetedzwa zvisingazivikanwi kuti ndezvani, kuchishandiswa ma *password,* zvoshandiswa mutsvakurudzo chete, dzimwe nguva zvoshandiswa kuona kana tsvakurudzo iri kufamba sezvinotarisirwa. Zvinyorwa zvese zvichachengetedzwa zvakakosha nevari kuita wetsvakurudzo ino. Zvinyorwa zvetsvakurudzo zvisingazivikanwi kuti zvabva kuna ani zvinogona kugoveranwa nevamwe vanoita tsvakurudzo. Zvichawanikwa mutsvakurudzo zvichanyorwa mumapepa ne pa *poster*, imi munogona kukumbira renyu.

KUPINDA MUTSVAKURUDZO NEKUDA KWENYU PASINA KUMANIKIDZWA

Kupinda mutsvakurudzo kuda kwenyu, hazvimanikidzwe. Kana musarudza kusapinda mutsvakurudzo ino, sarudzo yenyu haikanganisi ukama hwenyu nevanhu vari kuita tsvaurudzo ino, nyangwe kupinda kwenyu mune dzimwe tsvakurudzo. Kana mukasarudza kupinda mutsvakurudzo, makasununguka kubuda mutsvakurudzo chero nguva pasina kuripiswa. Kana masarudza kubuda mutsvakurudzo munopiwa mukana wekuti zvinyorwa zvabva kwamuri zvibviswe kusvika paye pekuti zvinyorwa zvachengetwa zvakavanzika.

NDIYANI WAMUNGATAURE NAYA KANA MUINE MIBVUNZO KANA MATAMBUDZIKO:

Kana muchida rumwe ruzivo kana kuti muine mibvunzo pamusoro petsvakurudzo ino, ndapota bvunzai mushandi vetsvakurdzo. Munokwanisawo kufonera nhamba dzinotevera kana muchida rumwe ruzivo.

Principal Investigator: Dr Claire Calderwood | Telephone number: +263 780981949
Study Co-ordinator: Mr Edson Marambire | Telephone number: +263 77228631

Integrated multi-disease screening for TB-affected households in Zimbabwe

MVUMO

Mave kuita sarudzo yekupinda kana kusapinda mutsvakurudzo. Siginecha yenyu inotaridza kuti maverenga mukanzwisisa zvatsanangurwa pamusoro apo, mapindurwa mibvunzo yenyu yese zvakare masarudza kupinda.

Musati masaina gwaro rino, ndapota bvunzai chero mibvunzo pamusoro petsvakurudzo ino kana paine zvisina kujeka kwamuri. Munogona kutora chero nguva yakafanira kufunga nezvazvo.

- Ndaverenga zvatsanangura maererano netsvakurudzo ino (kana ndanzwisisa zvatsanangurwa nemuromo) ndikanzwisisa zvinotarisirwa kubva kwandiri nezvichaitika kwandiri kana ndikapinda mutsvakurudzo.
- Ndawana mukana wekufunga zvatsanangurwa,ndabvunza mibvunzo ikapindurwa zvandigutsa.
- Ndanzwisisa kuti kupinda kwangu mutsvakurudzo kuda kwangu, zvakare ndinokwanisa kubuda mutsvakurdzo ino ndisingape chikonzero , izvi zvisingakanganise mabatirwo angu enguva dzese.
- Ndanzwisisa kuti mazwi achatapwa nguva yehurukuro mutsvakurudzo.

Ndabvuma kupinda muhurukuro ndiri ndega	☐ HONGU	☐ KWETE
Ndabvuma kupinda muhurukuro takawanda	☐ HONGU	☐ KWETE
Ndabvuma kuti mazwi atapwe	☐ HONGU	☐ KWETE

Zita reapinda mutsvakurudzo (print)	Siginecha yeapinda mutsvakurudzo	Zuva
Zita remushandi wetsvakurudzo (print)	Siginecha yemushandi	Zuva

Kana apinda mutsvakurdzo apa mvumo nemuromo, nyorai munhu aita ufakazi panguva yegwaro retenderano:

Zita remufakazi (print)	Siginecha yemufakazi	Zuva

MUCHAPIWA GWARO RETENDERANO RAKAFANANA NERINO KUTI MUCHENGETE.

Kana muine mibvunzo ine chekuita netsvakurudzo ino kana gwaro retenderano kupfuura yapindurwa nevari kuita tsvakurudzo, kusanganisira mibvunzo yetsvakurudzo , kodzero dzenyu semunhu ari mutsvakurudzo kana marwadzo akonzerwa netsvakurudzo; kana mukafunga kuti hamuna kubatwa zvakanaka muchida kutaura nemumwe munhu asiri wetsvakurudzo, ndapota sungunukai kutaura neveMedical Research Council ye Zimbabwe pafoni dzinoti (0242) 791792/791193 and 0784956128 vanowanikwa pa:

Medical Research Council of Zimbabwe, Cnr. J. Tongogara & Mazowe Street, Causeway, Harare.